



Jen 2023

# Pwoteksyon Aksè nan Edikasyon pou Timoun ki Pa Vini Paran Avèk Yo

*Yon Resous pou Fanmi ak Edikatè yo*

Timoun ki pa vini avèk paran yo se timoun ki poko gen 18 lane, ki pa genyen yon paran oswa responsab legal Ozetazini ki disponib pou okipe ak siveye yo, epi ki pa gen estati imigrasyon legal Ozetazini.<sup>1</sup> Timoun ki pa vini avèk yo gendwa viv avèk fanmi yo oswa lòt granmoun ki se esponnsò nan kominate lokal yo. Selon jirispridans Lakou Siprèm Etazini, timoun ki pa vini avèk paran yo, menm jan ak tout lòt elèv, genyen menm dwa pou yo frekante lekòl publik lokal yo. Men, diskriminasyon poutèt orijin nasional oswa estati imigrasyon yo ka prezante obstak ki anpeche yo jwenn edikasyon.

Fèy enfòmasyon sa a mete aksan sou pwoblèm espesifik ki fè timoun ki pa vini avèk paran yo pa gen aksè nan edikasyon, li eksplike fanmi yo kote pou yo ale pou yo jwenn èd, epi li vize ede lekòl publik yo konprann responsablite yo genyen pou yo sèvi timoun sa yo selon Iwa Federal sou dwa sivil yo.<sup>2</sup>

## Men sa ou dwe konnen:

1. Lekòl publik K-12 yo (klas matènèl rive nan klas 12yèm ane) dwe ouvè pou tout elèv, san wete timoun ki pa vini avèk paran yo, kèlkeswa estati imigrasyon yo oswa estati imigrasyon paran yo.<sup>3</sup> Anplis, Tit 6 (Title VI) nan Lwa sou Dwa Sivil ane 1964 la (Civil Rights Act of 1964) entèdi lekòl publik yo fè diskriminasyon sou baz ras, koulè po, oswa orijin nasional.
2. Lekòl publik yo dwe bay elèv K-12 ki pa metrise Anglè twò byen yo, san wete timoun ki pa vini avèk paran yo sèvis asistans lengwistik. Fòk lekòl yo idantifye elèv sa yo antanke English Learners (Moun k ap Aprann Anglè) yon fason pou yo kapab benefisyé sèvis yo pou pèmèt yo patisipe toutbon nan pwogram edikatif lekòl la.<sup>4</sup>
3. Lekòl publik yo dwe fè yon jan pou paran ak responsab legal ki pa metrise Anglè twò byen yo jwenn enfòmasyon sou enskripsyon, kou, ak lòt pwogram ak aktivite edikatif yo. Lekòl yo kapab atenn objektif sa a nan fè yo jwenn bonjan tradiksyon alekri oswa entèpretasyon aloral.



*Men kèk egzanp obstak ki kapab anpeche timoun ki pa vini avèk paran yo enskri pou yo jwenn sèvis edikatif yo gen dwa pou resevwa yo.*

## **Timoun Ki Pa Vini Avèk Paran yo Ka Fè Fas Ak Obstak ki Anpeche yo Enskri Lè:**

- Lekòl yo mande nouvo elèv yo bay Nimewo Sekirite Sosyal (Social Security Numbers) oswa batistè ameriken kòm kondisyon pou yo enskri, oswa lekòl yo refize aksepte dokiman ki valid yo, tankou yon [Verification of Release Form \(Fòm Verifikasyon Renonsyasyon\)](#) oswa dosye vaksinasyon ki soti nan [Biwo pou Relokalizasyon Refijye \(Office of Refugee Resettlement,ORR\)](#) ki nan Depatman Sante ak Sèvis Sosyal Etazini (U.S. Department of Health and Human Services, DHHS).
- Elèv yo eseye jwenn aksè nan kèk pwogram oswa òf akademik espesyal (*pa egzanp, edikasyon pou timoun ki gen don ak talan*) men yo dekouraje yo aplike ladan yo oswa lòt pwogram ki adapte ak nivo yo paske yo se English Learners, oswa paske yo te entewonp aktivite lekòl fòmèl yo oswa poutèt dosye akademik yo pa konplè.

## **Dipi Timoun Yo Enskri, Yo Ka Toujou Rankontre Obstak ki Anpeche Yo Patisipe Toutbon Lè:**

- Lekòl ki jeneralman fè evalyasyon pou wè si elèv yo metrize Anglè nan kòmansman ane lekòl la pa fè sa pou timoun ki pa vini avèk paran yo ki rive nan mitan oswa nan fen ane a.
- Paran, responsab legal, oswa esponnsò ki pa metrize Anglè two byen yo pa resevwa sèvis asistans lengwistik ki nesesè pou yo patisipe nan desizyon ki ap pran sou edikasyon pitit yo.
- Lekòl yo pito fè elèv ki pale plizyè lang yo entèprete pou English Learners yo nan salklas la, olye yo bay ansèyman ki nesesè a epi fè yon pèsonèl ki kalifye bay asistans lengwistik.
- Yo refize bay timoun ki pa vini avèk paran ki gen dwa pou benefisyé *alafwa* sèvis asistans lengwistik ak sèvis edikasyon espesyal yo sèvis oswa sipò yo bezwen yo, oswa yo fè yo konnen yo dwe priyorize yon ansanm sèvis edikatif sou lòt la.



## E si yon Timoun Ki Pa Vini Avèk Paran Sibi Diskriminasyon Sou Baz Orijin Nasional, Estati Imigrasyon, oswa Estati English Learner lè I ap Enskri oswa Patisipe nan Lekòl Piblik?

Ou ka kontakte Divizyon Dwa Sivil (Civil Rights Division, CRT) ki nan Depatman Lajistis Etazini oswa Biwo Dwa Sivil (Office for Civil Rights, OCR) ki nan Depatman Edikasyon Etazini si:

- Ou panse yon distri lekòl ap anpeche oswa ap eseye anpeche yon timoun ki pa vini avèk paran enskri nan lekòl oswa jwenn aksè nan pwogram oswa sèvis akademik akoz orijin nasional oswa estati imigrasyon li.
- Ou panse yon distri lekòl p ap bay yon timoun ki pa vini avèk paran ki se yon English Learner sèvis lengwistik li bezwen an pou l patisipe toutbon nan pwogram edikatif yo.

Si w te kontakte lekòl la men li pa t pran mezi pou l rezoud pwoblèm ou yo oswa ou pa santi w alèz pou pale de pwoblèm ou yo avèk lekòl la, ou kapab depoze yon plent (ki disponib nan plizyè lang) nan CRT sou [civilrights.justice.gov](http://civilrights.justice.gov), oswa nan OCR sou [ocrcas.ed.gov](http://ocrcas.ed.gov) (pou w jwenn asistans lengwistik, rele nan 1-800-USA-LEARN (1-800-872-5327) (TTY: 1-800-877-8339) oswa voye yon imèl nan [Ed.Language.Assistance@ed.gov](mailto:Ed.Language.Assistance@ed.gov)).

Pou w jwenn plis enfòmasyon, tanpri gade resous sa yo:

- [Lèt Yo Voye Bay Kòlèg yo: School Enrollment Procedures \(Demach pou Enskripsyon nan Lekòl\)](#) (Me 2014)
- [Fèy Enfòmasyon: Information on the Rights of All Children to Enroll in School \(Enfòmasyon sou Dwa Tout Timoun Genyen pou Enskri nan Lekòl\)](#) (Me 2014)
- [Lèt Yo Voye Bay Kòlèg yo: English Learner Students and Limited English Proficient Parents \(Elèv ki se English Learner ak Paran ki Pa Metrize Anglè Twò Byen\)](#) (Janvye 2015)
- [Fèy Enfòmasyon: Ensuring English Learners Can Participate Meaningfully and Equally in Educational Programs \(Asire English Learners yo Kapab Patisipe nan Pwogram Edikatif yo Toutbon epi Nan Menm Nivo\)](#) (Janvye 2015)
- [Fèy Enfòmasyon: Confronting Discrimination Based on National Origin and Immigration Status \(Fè Fas Kare ak Diskriminasyon ki Baze sou Orijin Nasional ak Estati Imigrasyon\)](#) (Out 2021)
- [Fèy Enfòmasyon: Protecting Access to Education for Migratory Children \(Pwoteksyon Aksè nan Edikasyon pou Timoun ki Pa Vini Paran Avèk Yo\)](#) (Jen 2023)

<sup>1</sup> Gade [6 U.S.C. § 279 \(g\)\(2\)](#).

<sup>2</sup> Pa egzanp, Depatman Edikasyon ak Lajistis fè aplike Tit 6 nan Lwa sou Dwa Sivil ane 1964 la, ki entèdi pou benefisyè asistans finansyè Gouvènman Federal yo sibi diskriminasyon poutèt ras, koulè po, oswa orijin nasional. 42 U.S.C. § 2000d. Selon Tit 4 (Title IV) nan Lwa sou Dwa Sivil ane 1964 la, Depatman Lajistis trete zafè vyolasyon egalite pwoteksyon sou baz ras, koulè po, relijyon, sèks, oswa orijin nasional nan lekòl primè ak lekòl segondè piblik yo ak enstisyon ansèyman siperyè yo. 42 U.S.C. § 2000c-6. Epitou, Depatman Lajistis fè aplike Lwa sou Egalite Chans nan zafè Edikasyon ane 1974 la (Equal Educational Opportunities Act of 1974), ki mande pou ajans edikatif ak distri lekòl ki nan Eta yo pran mezi ki apwopriye pou kraze baryè lang ki anpeche elèv ki se English Learner yo patisipe nan menm nivo nan pwogram edikatif Eta ak distri yo. 20 U.S.C. §§ 1701-1758.

<sup>3</sup> Gade *Plyler v. Doe*, 457 U.S. 202 (1982).

<sup>4</sup> Gade nòt 2 anwo a; gade *Lau v. Nichols* tou, 414 U.S. 563, 568 (1974).